# Нур

6+

ISSN 0207-6551

2

2018





*Сур. Бгъэжьнокъуэ З.*

## САБИЙГЪЭЖЕЙ

Тlыкъэ-тlыкъэ, дадэ,
Тlыкъэ мыл, дадэ,
Къамылыпщэ, дадэ,
Пщыгъэуш, дадэ,
Пщыгъэшынэ, дадэ,
Ди щауэ цlыкlур
Зэрылlыхъупхъэрэ,
Зэрылlыпхъашэрэ,
Зэрышууейрэ,
Шыуэ зытесыр
Ди пщlэгъуалэжьщ,
Ди пщlэгъуалэжьыр
Кlуэцlроущ,
Гъумар къыдоущей,
Тlасэ цlыкlур мэжей,
Тlыкъэ-тlыкъэ, дадэ,
Тlыкъэ мыл, дадэ,
Щауэ цlыкlур мэжей.

## ЩIАЛЭ ЦIЫКIУ ХЪУЭХЪУ

Уэрырей, уэрырей,
Быкъуакъуэ,
Уэрырей, уэрырей,
Быкъуащэ,
Щауэ щlалэр мэщыпэ,
Пыlэ цlыкlур къыщенэ,
И анэр макlуэри мэшынэ,
И адэр макlуэри къехьыж.
И анэр къан хъыджэбзщ,
И адэр пщы зэхэхуэт,
И адэр щауэ хахуэт,
Щытурэ и хуарэр хуалъэщl,
И шылъэщlыр къащыфэщ,
И шы фащэр дыжьынщ.
Дыжьын сырымэ,
Сырымэ lэщхьэ,
Дыщэ lэщхьэшхуитlыр
Щlалэ цlыкlум къешэ,
Къиша цlыкlур солъагъу,
И лэгъунэм сыщlохьэ,
И lыхьэ тlэкlум содзакъэ,
И lупэ цlыкlур дагъалъэ,
И щэ-лъынэр зэтощхьэ,
Ху щхьэмыжым хуэдэу мэбагъуэ,
Абрагъуэ хуэдиз мэхъу,
Дыхуохъуахъуэ
Унащхьэм
Ар щlэуэхукlэ
Хэхъуэну!



# БЗЭГУIУАНТIЭ

Бзуужьей кIэгъэжгуажгуэ
КIэжгуналъэ кIапэналъэ кIапэтIейр
Сэ зэрысфIэбзуужьей кIэгъэжгуажгуэ
КIэжгуналъэ кIапэлъатэ кIапэтIейуэ,
Уэри пфIэбзуужьей кIэгъэжгуажгуэ
КIэжгуналъэ кIапэлъатэ кIапэтIей?



Ди пщIантIэ хьэжыгъэ дэзщ.
(Уэс)

Ди бжэгъу щхьэкIэ джэдыкIэ хужь цIыкIу пысщ.
(Уэс)

Щабэрыкlуэ мэз кlуэрей.
(Iэжьэ)

Пыф-сыф лъэгубгъуэ, зэразутI-пэтIинэ.
(Iэжьэ)

ЗэкъуэшипщIым джэдыгуипщI ящыгъщ.
(Iэпэ, Iэлъэ)

МафIэм имыс, псым имытхьэлэ.
(Мыл)

Уеплъмэ – гъуджэ, уеджэмэ – дэгу.
(Мыл)

Мэфий, мэкIий, хьэкъугъыр къреш.
(Жьапщэ)



***НАГИШКИН Дмитрий***



# АЙОГЭ

Ли дадэ нанай лъэпкът. Абы зыпхъу тхьэIухуд иIэт АйогэкIэ еджэу. Пщащэр нэкIу хужьт, Iупэплът, апхуэдизкIэ дахэти, къытеплъам и нэр къытенэрт. Зэгуэрым къыжраIэ хъыджэбз цIыкIум: «Уэр нэхъ дахэ мы ди хэкуми, нэгъуэщI щIыпIи щыбгъуэтынкъым». Ар Айогэ и гуапэ мэхъури егупсысу хуожьэ, зэплъыжу щIедзэри, фи фIэщ зэрыхъун, езы дыдэр зохъуэпсэжмэ! Зэм гъуаплъэ тас цIум йоплъэ, зэм псым щхьэщохьэри абы и гъуджэмкIэ зоплъыж. Ауэрэ Айогэ зыкъыфIощIыжри щхьэхыни щхьэзыфIэфIи мэхъу.

Зэгуэрым абы и анэр къолъэIу:

– Айогэ, сипхъу цIыкIу, псыхьэ усхуэкIуамэ арат.

– Абы сыкIуэмэ, сэ псым сыхэхуэнущ,– ирет анэм жэуап.



– Псы Iуфэ къуацэр убыд.

– Къуацэр къыпычынущ.

– Нэхъ къуацэ Iув къэгъуэти быдэу убыд.

– Си Iэр сыуIэжынущ.

– Iэлъэ зыIэрытIагъэ.

– Iэлъэр зэхифыщIэнущ!

– Мастэ къащти дыж.

– Мастэр зэпыщIыкIынущ! – зыфIэдэхэжу гъуаплъэ тасым здиплъэм, къызопсэлъэкI.

– Нэхъ мастэшхуэ къащтэ.

– Си Iэпэр сыуIэжынущ!

– Фэ Iувым къыхэщIыкIа Iэпхъуалъэ зыIэрытIагъэ.

– Абыи кIуэцIрыкIынущ!

Абдежым я гъунэгъу хъыджэбз цIыкIум Айогэ и анэм къыжреIэ:

– Сэ сыпхуэкIуэнщ псыхьэ.

КIуэри псы къахуихьащ.

Анэм хупцIынэ ипщри, хьэку пщтырымкIэ тхъурыжь игъэжьащ.

Айогэ тхъурыжьыр къызэрилъагъуу гуоуащ:

– Мамэ, тхъурыжь къызэт!

– Мыр пщтырщ. Уи Iэр исынщ.

– Iэлъэ зыIэрыстIэгъэнщ.

– Iэлъэхэр псыфщ.

– Сэ ар дыгъэм езгъэунщ.

– Гъунщи загъэшынщ.

– ФэIуадзэкIэ сIуэтынщ.

– Уи Iэр игъэузынщ,– жи анэм.– Iэ хужьитIыр гугъу ебгъэхьмэ, уи дахагъэр кIуэдынкъэ? Абы нэхърэ нэхъыфIщ тхъурыжьыр мо хъыджэбз цIыкIум естмэ. Ар и IитIым щысхьыркъым.

Анэм тхъурыжьыр гъунэгъу хъыджэбз цIыкIум иритащ.

Айогэ къэгубжьщ, щIэкIри псым щхьэщыуващ… зэплъыжыну. Гъунэгъу хъыджэбз цIыкIуми тхъурыжьыр ешхри щытщ. Абы хуеплъэкIыу Айогэ и пщэр хишурэ и пщэм кIыхьышхуэу зишэщIу хуожьэ.

Хъыджэбз цIыкIум Айогэ къыжреIэ:

– Мэ, ухуеймэ, тхъурыжьыр шхы, сэ сыщысхькъым!

Айогэ нэхъ Iеижу къогубжьри, «с-с-с» – жиIэу и дзэр зэтрекъузэ. ИтIанэ и IитIыр дридзейуэрэ зызэфIишу щIедзэри, и фэр шэхуу покI. Ар апхуэдизкIэ къэгубжьати, и Iэпхъуамбэхэр зэкIэщIишурэ и Iэблэхэр щиупцIым, 1ит1ыр зэуэ бзу дамитI хъуащ!

Айогэ мэгуо: – СыхуейIым уи тхъурыжьи! Уэ-у! Ай! – зыхуэмыIыгъыжу дзакIэм гуэщэтри псым хэхуащ, арыххэуи къыу хужь хъуащ. Псыщхьэм тесу здесым мэкIий: – Ай, сыту сыдахащэ! Йо-га! Ай-йо-гаа!..

**Псым есым-есыурэ абы нанаибзэр щыгъупщэжащ. Зы псалъэ къэмынэу!** И цIэ закъуэращ ищIэжри, цIыху къызэрилъагъуу, езы дахащэр адрейхэм хамыгъэгъуэщэн щхьэкIэ, маджэ:

– Ай-йо-гаа! Ай-йо-гаа!..

–Га-га-га! – жиIэурэ джэрпэджэжри къыподжэж.



ЗэзыдзэкIар
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***

## Мы тхыгъэр къызэрытIэрыхьам хуэдэу тыдодзэ

„Нур"-журналым и лэжьакIуэ псоми сыкъохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, Илъэсыщlэр угъурлы фхуэхъуну.

Сэ си цIэр Атмирщ, си унэцIэр Хъуэтщ (Хотов). Налшык дэт ебланэ курыт еджапIэм еплIанэ „Г"-классым сыщоджэ, фи журналым сыщIоджыкI, усэ тхыным сыдехьэх, ныфхузогъэхь абыхэм ящыщ зы.

Уэсыр къесри сыгуфIащ
Абы куэдрэ сэ сежьащ.
Къэзжыхьыну си мураду
Iэжьэ цIыкIур сэ къэсщтащ.

Дэ ди унэм пэмыжыжьэу
КъежэхыпIэ къэзгъуэтащ.
Си ныбжьэгъухэм сэ секIуэри
Псори сэ зыхуэсщIэсащ.

Махуэ псом дызэрызехьэу,
Дызэзауэу, дызэбэну,
Дызэрабзэу, дыдыхьэшхыу
Зыхэдмыщlэу махуэр кIуащ.

Си псэр пыхуу, сезэшауэ,
Псыф сыхъуауэ сыкIуэжащ.
Мамэ Iейуэ къэгубжьауэ
Бжэ щIыхьэпIэм къыспежьащ.

ТХЬЭГЪЭПСЭУ ФатIцмэт

# БАЛЕТ

*(Жэщ псысэ)*

Куэд щIакъым абы лъандэрэ. Насып жылэ щIалэ цIыкIу щыпсэут. Ар апхуэдизкIэ Iущт, цIыхуфIти, Нэхуэ къыфIащат жылэм. ГъащIэр фIэIэфIт щIалэ цIыкIум, ауэ… Iуэхур аракъэ, Нэхуэ и гум **щэху** итIысхьащ. ИтIысхьар Iуэхут, – а щэхур бзыщIын хуейт. ИбзыщIт. АрщхьэкIэ… щэху цIыкIур кIуэ пэтми хэхъуэрт. Ауэрэ, ар **щэхушхуэ** мэхъу! Фи фIэщ хъунтэкъым сабиифIым ар зэрызэхищIэр. ИIуэтэну хуейт, ауэ иIуатэ хъунутэкъым, – щэхут.

Махуэ гуэрым Нэхуэ кIуэсэну хуожьэ. И хьэпшыпхэр щызэрилъхьэм, **Нур** хьэлэмэт къигъэхъуащ! А Нурыр фщIэрэ езыр хэтми? Ар псоми ди гъусэу, ауэ зыми дымылъагъуу дэтхэнэми ди дамэ тесу дыкъэзыхъумэращ. АтIэ, а махуэм и пщэдджыжьым Нэхуэхэ я школ унафэщIым и стIолыщхьэм **«Унафэшхуэ»** къытохутэ, мыр иту: «Фи еджакIуэ нэхъыфI дыдэр Къэралым и къалащхьэм зыплъыхьакIуэ ирагъэблагъэ!» ЦIыкIухэ, фэ, дауи, къывгурыIуащ «еджакIуэ нэхъыфI дыдэр» хэтми.

Арати, адрей еджапIэхэм я сабий Iущ, нэхъ гъэсахэм ящIыгъуу Нэхуэ Къалащхьэм зыплъыхьакIуэ ягъакIуэ. Сытым хуэдэу нэгузыужьу екIуэкIа фи гугъэ а зэманыр!

Зыплъыхьыгъуэ махуэхэм я иужьрей пщыхьэщхьэм сабийхэр театрым яшэу балет ирагъэплъыжынут. А телъыджэм фIэсщынури сымыщIэ: зэрымыщIэ?.. ЗэрыщIа?.. Насып джэш е насыпыншагъэ?.. Ар щхьэж зэрыфIэфIщ.

…Псоми ди дамэ тес **Нур** а зыплъыхьакIуэр езыр къыщIигъэхъуар арамэ-щэ?

АтIэ, театрышхуэм сабийхэр щIэзт, утыкум



*Хурым псысэ еIуатэ...*



*Балет*

къыщекlуэкlым я нэр тедияуэ. Арати, къафэхэм яхэту, хур (фея) пщащэ, хьэндырабгъуэм хуэдэу жьыхуу, утыкум къилъэдащ. Нэхуэ, абы еплъри, и гур къилъэтын къудейуэ къеуащ! Ар **балет гуащэт**! И нэр къыхутегъэкlыркъым. Аурэ, езыр а и **щэхушхуэм** щыщ мэхъу, гур ину къригъауэу, гупсысэ зэхэзежэхэр игъэlущащэу: «Зэи, зэи дызэкlэрымыкlыу суригъусэну сыхуейщ,: Уэращ си **щэхур** зыхуэсlуэтэнур, **Балетгуащэ**»!

Цlыхур егъэлеяуэ зыгуэрым щlэхъуэпсмэ, ар къохъу-тlэ. Нэхуэ езым имыщlэжми – мэгъу хэлът (магия). **Балетгуащэ** къэфауэ щхьэщэ ищlыжрэ пэт, и нэр абы тохуэ. Зыкlэ къеплъти! Я плъэгъуэр «зэкlэрыпщlащ» тlуми. Зэкlэрыпщlар lуэхут, зыри къэмыхъуа хуэдэ, пщащэм и **псэр** хэлъэтри Нэхуэ и бгъэ жыпым итlысхьащ. А пэшым щlэсу утыкум къыщыхъуам гу лъызытахэм ялъагъуфыну пlэрэт а телъыджэр?! **Псэр** пшэ lэрамэ цlыкlуу бгъэ жыпым пхрыкlри гум хыхьат, игъащlэкlэ къыхэмыкlыжыну.

Нэхуэ зыхуейр къехъулlащ, дапщэщи хуэдэу. А «псэзэхуэкlуэм» сэ кlыхьу сытепсэлъыхьынукъым, абы теухуа тхылъ губзыгъэ куэд щыlэщи зыфlэгъэщlэгъуэныр еджэнщ.

Етlуанэ махуэм Нэхуэ мафlэгукlэ и Насып жылэ къэкlуэжащ.

…Гъэхэр кlуащ. Балигъ, балигъ дыдэ хъуащ щlалэр. Нэхуэ куэд щlауэ зэшыжкъым, имыlуэтэфын щэхуи игу щихъумэкъым. Арщхьэкlэ, абы **псэ гуэгъу** иlэщ, щlэхъуэпсу. Хэт-тlэ псэ гуэгъу зимыlэр – **гугъэ**?..

**Балетгуащэ** и lуэху дауэ хъуа?– жызылэ къыфхэтщ, дауи.



*Балетгуащэ и пщlыхь*

Теплъэгъуэр иухыу ар Нэхуэ зэрыIуплъэу театр Iупхъуэхэр, макъышхуэ ящIу, къехуэхащ, пщащэр къытехуэри утыкум иукIуриящ.

Ар куэдрэ-куэдрэ сымэджащ, итIанэ куэдрэ-куэдрэ жеящ. Къэушыжа иужь – зэи къэфэжакъым. И унагъуэм яфIэгуэныхь хъури абы зэи(!), балет дэнэ къэна, къафэ гугъу къыхуащIыжакъым.



*Балетгуащэ и дуней (сур.1)*

Пщащэ цIыкIур хэхъуащ. Балигъ дыдэу мэпсэу… махуэкIэ. Ауэ жэщ хъуурэ зэрыIурихыу **Балетгуащэу** къыщIедзыжри, къофэ. Къофэ, къофэ! Макъамэ гурыхь и гум къолъатэ, щыз зэрыхъуу еIэт. Вагъуэхэм яхуехь. Вагъуэ шырхэр и лъэгум къыщIэлъэлъу къофэ… зы вагъуэшхуэм (планетэм) къыпкIыурэ адрейм тепкIэу зэм вагъуэ пкIэлъейхэм дожей, зэм зэпролъ, мэхуарзэ… А вагъуэшхуэхэр зэхуэдизщ, хуабэхэщи, фIэфIыпсу ирожэ. Къафэурэ ешмэ, ящыщ зым зыщегъэпсэху… АдэкIэ… (дапщэщи хуэдэу) зэхэпх къудейуэ макъ къэIунущ, ар къэкIуэтэнущ Iущащэурэ... Макъым къыжриIэм и Iэпкълъэпкъым зыхигуашэурэ зэм дыхьэшхыу, тхъэжу уфэрэзэнущ, зэми… и гур гуауэм икъузу, зэщыджэу гъынущ… Нэхущым а пщIыхьыр иухынурэ къэушынущ, илъэгъуам щыщу (дапщэщи хуэдэу) иужьрейм фIэкIа имыщIэжу: «Зыхуэгъэшэч, дэ Iэмал имыIэу дызэхуэзэнущ».



*Балетгуащэ и дуней (сур.2)*

*Сурэтхэр зыщIар*
**Тхьэгъэпсэу Ф.**

# Сытыр уи псэукIэ, щIымахуэ бзу?







ЩIыIэр къыщыблагъэкIэ къуалэбзухэр мэлъэтэж щIыпIэ хуабэхэм. Хьэуэ, псори лъэтэжыркъым. Бзу лIэужьыгъуэу 70-м нэс я псэупIэм къыщонэ. ЩIымахуэм игъэпIыщIэркъэ ахэр?

Бзу Iэпхъуэжхэр езыхужьэр щIыIэм и закъуэкъым, зыгуэрурэ загъэхуэбэнт… Къатехьэлъэр яшхын зэрамыгъуэтырщ. ФщIэн папщIэ: къуалэбзу куэдым щIыIэ уаер тыншу ирах. Ауэ а уаер къыщысым деж, шхыныгъуэ нэхъыщхьэу къадекIуэкI хьэпIацIэхэр е хьэпщхупщхэр мэкIуэдыжри, бзухэр мэмэжалIэ. ПIащIэу мэIэпхъуэ ***пцIащхъуэхэр, уэгунэбзухэр, бжэндэхъухэр.***

Псыхэм мыл щатрищIэкIэ, бабыщхэмрэ псы бзухэмрэ бдзэжьеи, хьэндыркъуакъуи ягъуэтыжкъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, губгъуэ бзухэр, псы бзухэр хуабапIэ мэкIуэж.

Мэзыр е къалэ-къуажэр зи хэщIапIэхэм я нэхъыбэр къонэ. А къэнахэм я шхыныгъуэщ къэкIыгъэ гъужахэм я жылэр, пхъэщхьэмыщхьэ щIыIэрысыр.




ЩыщIыIэм деж бзухэр къару хуэныкъуэщ – загъэхуэбэным хуабжьу гугъу дохь ахэр. МэжэщIалIэм дэнэ кърихын-тIэ а къарур? Аращи, щIымахуэ бзум и къалэн нэхъыщхьэр – шхын къигъуэтынырщ. Ауэ щыхъукIи, махуэхэр кIэщIщи, мышхауэ жэщыр къихьэмэ, нэху къемыкIхэри щыIэщ.

Дауэ зыкърагъэлрэ-тIэ щIыIэм?

***Уэсбзууплъымрэ*** (снегирь) ***цIыжьдадэмрэ*** (синица) цIыху псэупIэхэм гъунэгъу зыкъыхуащI. ЩIымахуэм бзухэр Iуву зэкъузылIауэ зэхэсу флъэгъуагъэнщ. Я къабзий-къауцым щIэлъ хуабэ тIэкIур яхъумэ апхуэдэм деж. Лъэтауэ уэгум ит бзур зэуэзэпсэу мэдийри щIыIэм еукI.

ГъэщIэгъуэну щIыIэр ирех ***мысырджэдым*** (тетерев-косач). Абы кууэ уэсым зыщIеуфэри



зээмызэххэ фIэкIа къыхэпщыркъым. Мысырджэдым сантиметр 50 зи кууагъ уэсщIагъ унэ къретхъу! Зыгуэрым къигъащтэмэ, лъагэу уэсыр дрипхъейуэрэ къыхолъэт ар!

Бзу хьэлэмэтщ **_пэкъыур_** (клёст-еловик). Ар щIыIэми щымышынэу мэгъуалъхьэри шыр цIыкIухэр кърешх. ПщIий жылэрщ абы и шхыныгъуэр. А жылэр бжьыхьэ кIасэм щегъэжьауэ гъатхэ пщIондэ егъуэт. Гъатхэпежьэу – пщIий щIэщэщахуэр щIым щынэсым ирихьэлIэу – пэкъыу адэр абгъуэм къолъэт, шхын къикIэфыщэну. Пэкъыу анэр абгъуэм исщ.

ЩIымахуэм бзухэм, «лъэтэжым» и мызакъуэу, «къэлъэтэжхэри» щыIэщ. Ахэр: **_къарэжьэу лъэпщацэ_** (мохноногий канюк), **_кIыру_** (чечётка). Мыбыхэм я псэупIэр егъэлеяуэ щIыIэ тундрэм пэгъунэгъущ. ЩIымахуэр къыщыблагъэкIэ, дауи, бзухэм нэхъ щIыIэж къатохъуэри я щхьэр кърахьэжьэ – ди дежкIэ къоIэпхъуэ.

Iущу щIымахуэм хуэгъэтIылъэ бзухэр мащIэкъым. **_Къуаргъхэм_** (псом хуэмыдэу **_кедровкэ_** лIэужьыгъуэм) километритI-щы зи бгъуагъ щIыпIэм дэхэр щыщIатIэ. Пэжщ, щIатIа псори къаIэрыхьэжкъым – е щIым жылэу хокIэ, е цIыхум къещтэ. ИтIани, зэи мэжалIэркъым а къуаргъ цIыкIухэр!

*ЦIыжьдадэри* щIыIэм хуогъэтIылъэ. ХьэпIацIэ гъужа, бэджыжь цIыкIу жыпIэми, жыг пхъафэ зэщIэчам куэду дегъэзагъэри жыглыцкIэ щIеуфэж. А жыглыцым Iумыл трищIэу «гъуэмылэр» къыщыхудэмыхыжи къохъу. Апхуэдэхэм дежщ бзу шхалъэ кIэрыщIахэр фIыуэ къыщысэбэпыр...

ТеплъэкIи хьэл-щэнкIи зэхуэмыдэ бзухэр зы шхалъэм ишхыкIыу Iэджэрэ уарохьэлIэ. Ахэр: **_бзугъуабжэ, уэсбзууплъ, къанжэ,_** уеблэмэ **_жыгыуIу_**. НтIэ-нтIэ... жыгыуIушхуэ!

А псори щIыIэм и Iэужьщ. ЗэмыIыхьлы щхьэкIэ къэмынэу, гуп зэмыфэгъу цIыкIур дахэ дыдэу зэгуроIуэ, зэдоIэпыкъу. ЖыгыуIум и пэ быдэжьымкIэ игъэщэщар **_бзугъуэбжэгъуэщым_** (свиристель), **_къарэжьэум_** (канюк) гуфIэжу зэщIащыпэ.

Мыри гъэщIэгъуэнщ: щIымахуэ бзухэм языхэзым «IэфI гуэр» къиулъэпхъэщмэ, уэрэдкIэ джэуэрэ псоми хъыбар ярегъащIэ. Зэрыфлъагъущи, бзурэ пэт хабзэкIэ зэкъуэтщ. ФщIэн папщIэ – бзу шхалъэм щыбгъэтIылъ хъунукъым сэхуран гъэлыгъуа е щIакхъуэ фIыцIэ. Бзухэм фIыуэ яшх: гуэдз, гъавэ жылэ лIэужьыгъуэхэр, зэнтхъ (овёс).







Зыгъэхьэзырар
***КЪАРМЭ Iэсиятщ***



# ЩІЭБЛЭ

***КЪУЭЖАКЪ Иринэ*** Налшык и 28-нэ еджапIэм 3-нэ классым щIэсу арaщ. Ауэ пщащэ цIыкIум и жыджэрагъыр, и зэфIэкIыр умыгъэщIэгъуэн пхуэзфIэкIыркъым. Абы зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм *Япэ, ЕтIуанэ, Ещанэ* увыпIэхэр къызэрихьамкIэ щIыхь тхылърэ медалу иIэр къептхэкIмэ, напэкIуэцI зыбжанэ ихьынущ.

Иринэ 2017 гъэм инджылызыбзэмкIэ XII-нэ Лъэпкъпсо олимпиадэм *Япэ* увыпIэр, «День здоровья» спорт-узыншагъэ махуэшхуэм *Япэ* увыпIэр, «Кенгуру» Лъэпкъпсо математикэ зэпеуэм *Япэ увыпIэр,* «КИТ» – компьютер, информатикэ, технологие УФ зэпеуэм *Япэ,* «Умный мыслитель» УФ акъыл зэпеуэм *Япэ...* УрысыбзэмкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ, журналистикэмкIэ, нэгъуэщI зэпеуэ куэдхэми пэрыт щыхъуащ.

Зэманышхуэ зытекIуадэ а зэхьэзэхуэхэм нэмыщI, Иринэ иIэщ шахматымкIэ 1-нэ балигъ разряд. Илъэс 17 пщIондэ хъыджэбз цIыкIухэр зыхыхьэ зэхьэзэхуэхэм (Налшык 2016 гъэм, Республикэм 2017 гъэм) и чемпионщ. УФ къалэхэм я чемпионхэр щызэхуэса «Москоу-Опен» турнирым ехъулIэныгъэ иIэу зэрыхэтам щхьэкIэ Къуэжакъ Иринэ ди къэралым хъыджэбз цIыкIу нэхъыфIу 50 зэрыт тхылъым иратхащ. Иринэ икъукIэ и нэIэ тету икIи щыгугъыу зыгъасэр Темыркъан Давидщ.

Хъыджэбз цIыкIухэр зыхэтыпхъэ зэхьэзэхуэхэм апхуэдиз ехъулIэныгъэхэр щызиIэ пщащэм, гъэщIэгъуэныраши, Киокусинкай КаратэмкIэ (спорт зэуэкIэ лIэужьыгъуэ) 2-нэ ныбжьыщIэ разряд, КЮ *8-рэ бгырыпх щIыхумрэ* иIэщ. 2016 гъэм Ставрополь куейм – *ЕтIуанэ,* 2017 гъэм Налшык – *ЕтIуанэ,* Республикэм – *Ещанэ увыпIэхэр* къыщихьащ. «ЛIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ» спорт зэуэкIэ марафон утыкум 23-рэ ихьащ Иринэ, *Япэ увыпIэри* щызыIэригъэхьащ.

Пщащэм сурэт гъэщIэгъуэнхэри ещI. А псом ищIыIужкIэ – «5» защIэкIэ йоджэ!

***ХЬЭТУ Пётр***






# ГЪУЩIЫМ «ПСЭ ХАЛЪХЬЭ»




**Техникэм щехъулIэрщ пщэдеирей махуэр зейр**

Сабийхэм зрагъэужьын мурадкIэ Федеральнэ программэм 2014 гъэм Шэджэм ЕтIуанэ и 2-нэ курыт еджапIэм дунейпсом цIэрыIуэ щыхъуа ООО «Технолаб» роботыщI модуль щагъэуващ. Абы хыхьащ 5–7-нэ классхэм щеджэу сабий 20 хуэдиз. Унафэщlу ягъэуващ информатикэмкIэ егъэджакIуэ ***КIЫЩ МуIэед.***

«Технолаб» модулым сыт къикIыр? Уджэгуурэ гъущIым «псэ холъхьэ», робот IэрыщIхэр зебгъакIуэу ухуожьэ…

Япэ уровень зиIэ а «Технолаб» модулым Iэмал къует робот зэхуэмыдэу 10 зэпкърыплъхьэну: цIыв лIэужьыгъуэ зыбжанэ, тхьэкIумэкIыхь, пкIауэ, щхьэл, нэгъуэщIхэри.

Программэр тIууэ гуэшащ: пкъыгъуэ зэпкърылъхьэн; зэпкърыплъхьар убзыхун (проектирование), егъэфIэкIуэн. Пкъыгъуэ зэпкърылъхьэным щелэжькIэ, школакIуэхэм механизм къызэрыгуэкIхэм я лэжьэкIэр зэрагъащIэурэ я гупсысэм зрагъэузэщI. Дэтхэнэ сабийми и жыджэрагъым хохъуэ, цIыхуитIу, «акъылзэхэдзэ» ящIу, гуп хэту лэжьэф мэхъу. Апхуэдэу щхьэж и зэфIэкIым зрегъэужь.

ЕгъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр убзыхуным щынэсым деж школакIуэхэм я зыужьыныгъэм нэхъри зеIэт: алъандэрэ пкъыгъуэхэр зэпкъралъхьэурэ джэгу хуэдэу екIуэкIамэ, иджы щIэныгъэ бгъэдыхьэкIэр зи лъабжьэ «Технолаб» жыхуаIэр зрагъэщIэн щIадзэ.

Кружокым и гъэсэнхэр, ехъулIэныгъэшхуэхэр яIэу, увыпIэфIхэр яубыду, жыджэру хэтщ робототехникэм теухуа Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкI зэхыхьэ-зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдхэм – семинархэм, олимпиадэхэм.

Зыгъэхьэзырар
***ШЭРДЖЭС Дэбагъуэщ***

***Сурэтхэм:** КъБР-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм; ди университетым и лэжьакIуэхэмрэ конструктор ныбжьыщIэхэмрэ.*



## НУРЫМ И НЫБЖЬЭГЪУ ЦIЫКIУ!

Иныжьхэр нобэрей зэманым щыпсэууэ уи нэгу къыщIэгъэхьэт. Сыту пIэрэт ахэр зэгупсысынур? Мы сэ сщIа иныжьым и щхьэшхуэм илъыр емынэм хузэхэхынкъым. Ар зыгуэрым щIэхъуэпсрэ, е къыжраIэр зэхихрэ? – уэ къащIэ и гупсысэ лъагъуэхэм урикIуэурэ.

Сосрыкъуи, мес, джэгуну хуейщ.

«Нарт хъыбархэм» щыщ мы пычыгъуэм къыуигъэщIэжынщ нартхэр иныжьхэм зэрадэджэгуу щыта джэгукIэхэр:



# НАРТ ДЖЭГУРЭШ




«Сосрыкъуэ къопсалъэ,
Мыр Иныжьым жреIэ:
– Сэ нартхэ сраIэхъуэщ,
Сэ нартхэ сражэмыхъуэщ,
Сосрыкъуэ слъэгъуакъым.
Ар здэщыIэр сымыщIэ,
И хъыбарым ухуеймэ,
И хъыбар пхуэсIуэтэнщ.
– Ар здэщыIэр умыщIэм,
И джэгукIэр сыгъащIэ.
Сосрыкъуэ къогушхуэ,
Иныжьышхуэр къэрешажьэ,
Къэрешажьэри мыр жреIэ:
– Сэ, Сосрыкъуэ и джэгукIэр
Нартхэм жаIэу зэхэсхащ.
Нартхэм хэткъым зы закъуи
А джэгукIэр хулъэкIыу.
Нартхэм жаIэ иныжьи
Ар лъэкIыну щымыIэу.
Ар Сосрыкъуэм щыжиIэм,
Къолъ, къогубжьыр Иныжьыр.
(…)

*Уэ сыт хуэдэ джэгукIэхэр пщIэрэ мы журналым къытеддзэ хъуну? Къытхуегъэхь мы адресымкIэ:*
nur.kbr1982@yandex.ru

Зыгъэхьэзырар
ХЬЭЛИЛЭ М.

## ХЭКУР ЗЫХЪУМЭХЭМ
## я махуэшхуэм ирихьэлIэу сурэтыщI ныбжьыщIэхэм Ридадэ лIыхъужьым и сурэт ящIащ



*ГУЭНГЪЭПЩ Аринэ*, Сэрмакъ
2-нэ едж., 5-нэ кл.



*ТЕЩАУЭ Къантемыр*, Налшык
11-нэ едж., 5-нэ кл.



*ШЫД Аминэ*, Сэрмакъ
2-нэ едж., 7-нэ кл.



*ГУГЪУЭТ Мадинэ*, Къармэхьэблэ
1-нэ едж., 7-нэ кл.


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 2 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редколлегия:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ07-00125 от 11 января 2018 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
12.02. 2018 г.
Выход в свет 28.02. 2018 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3375 экз.
Заказ № 159.
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.